



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ SANTYE BLACK DIAMOND TRAIL LA KI KOUTE 2 MILYON DOLA FINI

Yon Santye Lwazi ki Kouvri Distans Uit Mil yo te Anvizaje pou Lapremyè Fwa depi ane 1970 yo

Pwogram Pak New York 2020 Gouvènè Cuomo a te finanse pwojè sa a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwojè ki koute 2 milyon dola pou konstwi seksyon ki kouvri distans 8 mil sou santye Black Diamond Trail la nan Konte Tompkins lan fini. Santye a, yo te anvizaje l pou lapremyè fwa nan ane 1970 yo, kounye a li pase sou bò ansyen liy ray tren ki ant pak eta Allan H. Treman State Park Marina a, ki se youn nan pi gwo waf ki anndan teritwa a, ak pak Taughannock Falls State Park la, ki gen chit dlo ki pi wo nan zòn lès Mississippi a. Pwogram Pak New York 2020 (New York Parks 2020) Gouvènè Cuomo a te finanse plan 2 milyon dola sa a, yon angajman pandan plizyè ane pou rantabilize 900 milyon dola nan finansman piblik ak prive pou Pak Eta yo soti 2011 rive 2020.

Gouvènè Cuomo te di: “Rezidan rejyon Southern Tier yo t ap tann depi lontan pou yo itilize santye Black Diamond Trail la, epi mwen fyè pou m anonse nouvo resous lwazi sa a vin yon reyalite. Sa a se yon pati anplis nan angajman kontini administrasyon an pou l modènize sistèm pak nou yo epi ajoute sou fòs natirèl rejyon an pou ogmante touris, ranfòse aktivite ekonomi an yo epi fè Eta a vanse pi devan.”

Pwojè ki kouvri distans 8,5 mil sa a fini, li yon kote ki pa pre danje sikilasyon machin, atè a kouvri ak pousyè wòch, li gen bon nivo wo kote moun ka wè peyizaj panoramik deklas Cayuga Lake la. Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te rankontre ak reprezantan eta yo, ofisyèl pak la yo ak moun ki konn itilize santye a yo pou yon seremoni monte bisiklèt sou santye a jodi a.

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di: “Pak nou yo, chit dlo ak vale gòj nou yo se premye rezon ki fè vizitè vini vizite rejyon an. Yo se bon jan lokalite pou apresye lanati ak fè lwazi, men yo se motè majè pou ekonomi an tou. Santye Black Diamond Trail la se yon bon egzanp ki montre kijan Eta New York la ap travay pou l ranfòse ekonomi touris la epi, nan fè sa a, l ap ranfòse tout rejyon an nèt.”

Komisyonè Park Eta yo, Rose Harvey te di: “Santye Black Diamond Trail la pral yon bon lokalite nouvel pou monte bisiklèt, kouri, fè pwomnad apye epi kouri eski defon nan

rejyon Southern Tier la. Mwen gen Gouvènè Cuomo larekonesans pou lidèchip li nan amelyorasyon sistèm Pak Eta nou yo epi sa ap konekte plis moun ak lwazi anplennè nan Eta New York la.”

Senatè Tom O'Mara, Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwonman nan Sena (Senate Environmental Conservation Committee), te di: “Rejyon nou an gen chans pou jwi yon rezo sit istorik, pak ak santye premye klas, tankou santye Black Diamond Trail la. Sa a pral youn nan bon jan santye ki gen plizyè izaj nan eta yo epi mwen pa ka fin di ase sou efò New York ap Travay (New York Works) te fè pou l te ka kontinye vanse pwojè sa a jis li fini. Envestisman sa yo pral ede anpil pou sekirize bon kalite ak pwèn fò fondasyon lwazi ak touris rejyon Finger Lakes la yo alavni.”

Manm Asanble Barbara Lifton te di: “Mwen pa ka pi kontan ankò pou m wè santye Black Diamond Trail la yo t ap tann depi byen lontan resi prè pou l ouvri pou piblik la. Mwen menm, mwen se yon moun ki renmen fè pwomnad apye anpil, epi sistèm santye enkwayab nou an isit la nan Konte Tompkins lan yo se yon trezò kit pou rezidan tankou pou vizitè yo. Santye Black Diamond Trail la pral founi yon bon jan lyen ant Trumansburg ak Ithaca pou moun k ap fè pwomnad apye ak siklis yo epi l ap amelyore pak lokal nou yo. Biwo mwen an, ansanm ak anpil lòt ankò, te devwe anpil tan pou n ede fè pwojè sa a rive bout. Chemen an te long epi te gen anpil defi, men rezilta final la sètènman vo lapèn.”

Santye Black Diamond Trail la, ki pote non Tren pasaje Black Diamond Express la, yo te anvizaje l pou lapremyè fwa nan kòmansman ane 1970 la yo, epi se yon santye ki kouvri yon distans 12 mil ki pral evantyèlman konekte pak Taughannock Falls State Park ak pak Robert Treman State Park la. Faz de a, nan pwosesis etap devlopman, pral soti nan pak Allan H. Treman State Park Marina nan zòn nò Ithaca pou rive nan pak Buttermilk Falls State Park nan zòn pwent sid vil la, epi l ap kontinye nan direksyon sid pou l rive nan pak Robert Treman State Park.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418